

• •

CHAPIT 15

Premye semèn yo apre akouchman an

Nan chapit sa a:

Sa pou w fè pou manman an	269
Ede manman an pran swen têt li	269
Veye matris manman an pou wè si l ap senyen.....	270
Veye si manman an bay siy enfeksyon nan matris	271
Veye si manman an fè enfeksyon nan vajen	272
Sa pou w fè pou bebe a.....	274
Ankouraje bebe a pran tete epi suiv jan l ap grandi a	274
Bebe a bay siy li dezidrate	275
Bebe a pa gwosi oubyen li pa grandi jan l dwe fè sa.....	276
Pran swen kòd lonbrik la.....	277
Veye lòt move siy	273
Janm manman an wouj, li rèd, l ap fè 1 mal, oubyen li anfle	273
Pipi oswa poupou k ap koule san kontwòl.....	273
Bay manman an sipò nan domèn afektif	274
Veye siy enfeksyon	277
Tetanòs	277
Nemoni.....	278
Menènjit	277
Veye koulè po ak koulè je bebe a	279

PREMYE SEMÈN YO APRE AKOUCHMAN AN

CHAPIT

15

Nan kèk jou ak kèk semèn apre akouchman an, kò manman an ap kòmanse geri. Matris li dwe vin pi piti epi li sispann senyen. Lèt manman an dwe vini. Bebe a ta dwe aprann tete nòmalman, epi li dwe kòmanse gwosi.

Manman an ak ptit la bezwen pou yo kontinye jwenn swen apre akouchman an. Vizite yo omwen 2 fwa premye jou apre akouchman an, epi omwen yon fwa nan semèn apre a. Si w al wè yo pi souvan, w ap ka ede evite plis pwoblèm toujou. Vizite yo chak jou si w remake manman an oswa bebe a ap bay move siy.



Sa pou w fè pou manman an

Manman yo bezwen swen apre akouchman yo, menm jan ak tibebe yo.

EDE MANMAN AN PRAN SWEN TÈT LI

Apre akouchman an, kò manman an fatige epi matris li ouvri. Li fasil pou l pran enfeksyon, men li ka rete an sante si l fè bagay sa yo:

- Byen repoze.
- Manje yon varyete manje ki bon pou kò a (gade paj 33 a 42).
- Bwè anpil likid.
- Kenbe kò l pwòp: lave men l, vajen l, ak tete l.

Gen zòn kote se koutim nan pou medam yo rete nan kabann ak bebe yo pandan 2 semèn oubyen plis apre akouchman. Sa se yon bon koutim paske li pèmèt manman an geri, sa ede li menm ak ptit la vin abitye youn ak lòt, epi sa pèmèt manman an rete lwen mikwòb ki deyò kay la. Si sa posib, manman an pa dwe travay di pou 6 semèn. Men, li dwe mache nan kay la enpe chak jou, menmsi l ap repoze.

Fè manman an ak mari l konnen yo dwe tann manman an fin senyen anvan yo rekòmanse fè sèks. Epi, se pou w pale ak manman an ak mari l sou zafè planin, paske fi a ka tonbe ansent ankò anvan lontan.

VEYE MATRIS MANMAN AN POU WÈ SI L AP SENYEN

BON SIY Apre akouchman an, manman an ka pèdi prèske menm kantite oswa pi piti kantite san li abitye bay lè l gen règ li chak mwa. Li ta dwe sispan bay san apre 2 oswa 3 semèn, men sa ka pran jiska 6 semèn.

Matris la ta dwe di, e chak jou li dwe vin pi di e pi piti.

Gade tablo sa a pou wè ki kote anlè matris la dwe ye apre akouchman an.


MOVE SIY

- Matris la mou oswa li gwo.
- Manman an senyen anpil.
- Manman an gen siy ki endike li nan eta chòk.

Matris manman an

Si matris la toujou mou, fwote l jiskaske l vin fèm (gade paj 224). Montre fanmi fi a kòman pou yo fwote matris la lè w pa la. Mande manman an pou l bay pitit la tête pi souvan, epi veye si l pap pèdi twòp san.

Anplis, manyen matris la pou asire l ap desann nan gwosè nòmal li. Tousuit apre akouchman an, matris la dwe nan mitan ant zo basen an ak lonbrik la. Jou apre a, li monte nan menm wotè ak lonbrik la, epi li dwe ratresi chak jou apre sa.



Si manman an ap senyen

Si manman an bay san ki ka mouye plis ke yon kotèks nan inèdtan, sanble l ap bay twòp san. Fwote matris la pou l ka ratresi. Fè fanmi an sonje manman an bezwen repoze. Souvan, travay twòp lakòz manman an senyen apre akouchman.



Kite m pran swen pitit la pou w ka kontinye repoze.

Si metòd sa yo pa mache, ba l medikaman ki pou fè san an rete (gade paj 231). Si l kontinye ap bay san, oswa si manman an bay siy ki endike li nan eta chòk, mennen l lopital tousuit.

SUIV POU WÈ SI MANMAN AN BAY SIY ENFEKSYON NAN MATRIS

BON SIY Tanperati li nòmal: anviwon 37°C (98.6°F).

MOVE SIY

- Lafyèv, tanperati 38°C (100.4°F) oswa pi wo
- Frison
- Batman kè rapid
- Senyen fò
- Vajen an gen move sant oswa l ap senyen
- Doulè vant
- Li santi l malad

Si yon fi gen nenpòt nan siy sa yo apre akouchman, li ka gen enfeksyon nan matris. Enfeksyon nan matris danjere anpil. Yo ka touye yon fi byen fasil.



Si sa posib, yon fi ki gen enfeksyon nan matris dwe al lopital san pèdi tan. Yo ka fè egzamen pou wè ki antibiyotik ki pou trete enfeksyon an. Si l pa ka al lopital, ou oblige trete l lakay.

Pou bay antibiyotik lakay

Ou pap ka fin sèten ki kalite mikwòb ki bay enfeksyon an, se sa k fè w ap oblige bay li 3 kalite antibiyotik ki pou touye plizyè kalite mikwòb. Si w pa gen toulè 3 antibiyotik sa yo, pito w ba l youn oswa 2 olye pou w pa bay anyen ditou.

Kontinye ba li antibiyotik yo jiskaske 2 jou pase san w pa wè siy enfeksyon an. Sa ka pran anviwon 5 jou antou.



Pou trete enfeksyon nan matris

- Ba li piki 80 miligram (mg) "gentamicin", nan mis, 3 fwa pa jou pandan anviwon 5 jou
Epi
- Ba li 2 gram (g) "ampicillin", nan mis oswa nan bouch pou premye dòz la,
apre sa ba li 1 g "ampicillin", 4 fwa pa jou pandan anviwon 5 jou
Epi
- Ba li 400 a 500 mg "metronidazole", nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan anviwon 5 jou
Bay tout medikaman sa yo jiskaske fi pa gen fyèv pandan 2 jou (48 èdtan).



ATANSYON! Si fi a pa kòmanse santi l pi byen apre youn oswa 2 jou, li ka rete kek moso plasenta nan matris li toujou. Li nesesè pou yo soti.
Kontinye bay l antibiyotik epi mennen l lopital.

VEYE MANMAN AN POU WÈ SI L FÈ ENFEKSYON NAN VAJEN

BON SIY Tout blese nan vajen an kòmanse geri, epi po vajen an pa ni anfle ni cho.

MOVE SIY

- Doulè nan vajen
- Vajen an ap bay pi oswa li gen move sant
- Vajen an anfle, li gen kote ki wouj, oswa li gen yon boul di

Enfeksyon nan vajen pa grav menm jan ak enfeksyon nan matris.

Lave men w byen, mete gan nan men w, epi gade vajen fi a. Si w wè nénpòt nan move siy nou sòt site yo, li pwobab pou se yon enfeksyon. Si w wè pi, gade si pi a pap soti byen fon anndan vajen an. Si wi, li pwobab pou se yon enfeksyon nan matris.

Si pi a ap soti nan yon boul di oswa nan yon blese ki anndan vajen an, chèche èd nan men doktè, oswa suiv metòd ki pi ba a pou w ka retire pi a poukont w.




Pou w retire pi a

Jeneralman, yon twal ki cho e ki mouye ka rale pi a soti.

Si blese a tou ouvri

Mouye yon twal esterilize nan dlo ki te bouyi epi kenbe twal la sou kote ki enfekte a.

Si w konnen remèd fèy ki ka seche pi, mare yo nan yon twal ki esterilize oswa nan yon twal gaz esterilize, epi mare twal la yon jan pou fèy la pa tonbe. Bouyi remèd la tou mare, kite l frèt pou yon ti moman, epi peze l sou kote ki enfekte a.



Si w santi gen yon boul di ki rete anba po a

Si w santi yon boul di, li pwobab gen pi oswa san ki rete anndan l. Verifye boul la chak jou. Si l fè fi a mal oubyen l ap gwosi chèche èd nan men doktè.

VEYE LÒT MOVE SIY

Janm manman an wouj, li rèd, I ap fè l mal, oubyen li anfle

MOVE SIY Trè raman, apre yon akouchman, fi a gen san kaye nan janm li. Men siy ki montre sa rive l:

- Yon janm oubyen yon pye anfle oswa li cho.
- Doulè nan yon janm lè yo peze l oswa pandan fi a ap mache.
- Yon janm ki gen yon kote ki tou wouj ki fè l mal.
- Yon janm ki gen yon boul di.



Yon boul san kaye
ka travèse nan
poumon fi a epi li
fè l enposib pou l
pran souf.



San kaye ki anndan janm nan trè danjere. Si san kaye a dekole epi li mache nan venn manman yo, sa ka lakòz pwoblèm lòt kote nan kò l. Pa egzanp, san kaye a ka ale nan poumon l epi li fè l enposib pou l pran souf.

Si yon fi bay siy ki endike li gen san kaye, mennen l lopital san pèdi tan. Pandan w sou wout lopital la, fè fi a kouche ak janm li pi wo pase ranch li epi fè l rete san l pa fè mouvman. Mete twal cho sou kote ki anfle a, men pinga w fwote l ni pinga w ba l masaj. Ba li aspirin pou doule.

Pipi oswa poupou k ap koule san kontwòl

Lè gen pipi oswa poupou k ap koule san kontwòl nan kò fì a, li ka gen yon twou nan po vajen l ki rele fistil. Tèt bebe a te fè twou sa a pandan akouchman an lè l te peze fò sou po ki separe vajen an ak vesì a, oswa sou po ki separe vajen an ak twou dèyè a. Presyon an sitèman fò, li rann po a mouri, e konsa yon twou vin fòme apre 3 a 12 jou apre akouchman an.

Jeneralman, fistil ka trete. Yon fistil ki piti ka geri poukont li: fi a dwe bwè anpil likid epi fè "beny fits" souvan (gade paj 326). Si l itilize yon tib katetè pandan 3 semèn, sa ap pèmèt pipi pa rete nan fistil la pou l ka gentan geri.

Yon fistil ki pi grav oblige repare. Gen lopital ki ka fè operasyon sa a, nòmalan 3 mwa apre akouchman an. Ede fi a al lopital pou l ka jwenn swen.



Fistil lakòz pipi koule.

Nou ka anpeche fistil rive

Fistil rive lè yon fi fè yon bann tan ak tranche. Si sa fè lontan depi yon fi gen tranche, pa rete ap tann. Mennen l lopital. Gade paj 22 pou aprann plis sou ki jan pou evite fistil.


BAY MANMAN AN SIPÒ NAN DOMÈN AFÉKTIF

Li enpòtan pou bay manman an sipò nan domèn afektif tou. Koutim ak seremoni ki pou onore manman an oswa pou selebre akouchman an se bon fason pou moutre manman an li te fè yon bon travay pandan tranche a.

Sa pou w fè si manman an santi l deranje oubyen tris

Anpil fi gen santiman fò apre yo fin akouche. Sa nòmal. Genyen ki tris oswa yo enkyete yo pou plizyè jou, plizyè semèn, oswa plizyè mwa. Lè sa rive, ou ka ede manman an lè w koute l k ap pale sou santiman l, epi w fè l konnen santiman konsa nòmal.

Lè santiman tristès sa yo fò anpil, sa rele depresyon. Lè sa a, li ka difisil pou fi a pran swen tèt li ak tibebe l la. Li ka menm aji tankou moun fou. Yon fi ki fè depresyon bezwen èd. Li bezwen èd pou l pran swen kay li ak fanmi l, epi li bezwen èd pou santiman tris sa yo pase. Si sa posib, yon moun ta dwe rete ak fi a pou ede l epi pou asire li pa fè ni tèt li ni bebe a mal.



Anplis, gen koutim ak remèd tradisyonèl ki ka ede fi a santi l mye. Gen medikaman famasi pou sa tou. Medikaman famasi yo chè anpil epi yo ka bay lòt kalite pwoblèm, kidonk, yo dwe pran yo sèlman nan ka ki grav.

Si yon fi te santi l konsa nan akouchman anvan an, gen plis chans pou l gen menm pwoblèm nan apre akouchman sa a.

Sa pou w fè pou bebe a

ANKOURAJE BEBE A PRAN TETE EPI SUIV JAN L AP

GRANDI A

Bebe a dwe tete chak detwa èdtan, apati premye è apre l fin fèt. Yon bebe ki tete ase epi ki an sante ta dwe fè pipi ak poupou anvan premye 24 èdtan fin pase, epi tanzantan apre sa. Li pa dwe bay siy ki pou ta endike li dezidrate, epi li dwe gwosi. Kenbe bebe a sèch, cho, epi jwe avè l.




Bebe a bay siy li dezidrate

Si bebe a pa pran tete, si li gen dyare oubyen vomisman, oswa si l gen lafyèv, li ka vin dezidrate. Li dezidrate lè l pa gen ase dlo nan kò l. Sa trè danjere, e li ka menm touye bebe a.

Siy li dezidrate:

- Fontanèl bebe yo fè fon.
- Twou je l fon.
- Bouch li sèch oubyen po bouch li fann.
- Li pipi mwens pase 4 fwa pa jou.
- Pipi l gen koulè fonse.
- Batman kè l ak souf li rapid.
- Po l pa elastik.



Pou verifye si po l elastik, pichkannen po ponyèt pa w epi lage l. Gade byen kòman po a retounen nan plas li. Kounye a, pichkannen po bebe a nan vant epi lage l. Si po bebe a retounen nan plas li pi dousman pase po pa w, sa vle di li dezidrate.

Pou ede yon bebe ki dezidrate

Ankouraje manman an bay pitit la tête souvan: chak 1 a 2 èdtan. Epi, bay bebe a sewòm oral (gade paj 160): kèk gout chak minit jiskaske bebe a fè mye.

Enfeksyon ka lakòz dezidratasyon (gade paj 277 a 279). Si bebe a pa fè mye nan 4 èdtan, chèche èd nan men doktè.

Bwè nan bibwon ka fè l dezidrate

Bay bebe lèt fòmil nan bibwon konn lakòz dezidratasyon ak diyare. Depi sa posib, manman an dwe bay bebe a tête. Si manman an pa ka bay tête, fanmi an dwe sèvi ak dlo pwòp ak kantite lèt anpoud ki kòrèk lè y ap fè fòmil la. Bibwon yo ak tetin yo dwe bouyi byen pou trete yo. Gade paj 281 pou w aprann plis konsènan lèt anpoud sa yo.



Bebe a pa gwosi oubyen li pa grandi jan l dwe fè sa

Li nòmal pou yon bebe pèdi pwa pandan detwa jou apre li fèt. Men, li dwe reprann pwa li te genyen lè l te fèt la nan 2 semèn, epi li dwe kontinye gwosi apre sa. Yon bebe ki pa gwosi ase oswa ki pa grandi ase kapab pa jwenn ase lèt. Oubyen tou, li ka gen yon enfeksyon, dyare, oubyen yon lòt pwoblè sante.

Suiv chak ki lè bebe a tete. Manman an mèt bay l tete chak lè pitit la vle: omwen chak 2 a 3 èdtan pandan 20 minit, jiskaske tete a vid. Si bebe a pa vle tete souvan, li gendwa malad anpil. Mennen l lopital san pèdi tan.

Kontwole sante manman an. Si manman an malad oswa si l pa byen manje oubyen li pa bwè ase likid, li ka pa pwodui ase lèt pou bay pitit la. Ankouraje fanmi an pou yo pran swen manman an byen epi pou yo ba l plis manje.

Gade Chapit 16 pou w aprann plis sou kesyon bay tete. Si bebe a jis pa grandi, fè l wè yon doktè.

Vomisman “vole” soti nan bouch bebe a


Pifò bebe rejte yon ti kantite nan sa yo manje.
Nòmalman, ti vomisman sa yo glise desann soti nan bouch bebe a, sitou apre li fin manje.



Si vomisman vole soti nan bouch bebe a ak gwo fòs chak fwa l manje, li gendwa fè yon enfeksyon oswa ka gen yon bagay ki anpeche lèt desann anndan l. Chèche èd nan men doktè.

ANKOURAJE VAKSINASYON

Vaksen pwoteje timoun kont anpil maladi danjere. Vaksen ki pi enpotan pou bebe se DPT (pou dipteri, koklich, ak tetanòs), polyo, epatit B, Hib (pou “Haemophilus influenza”), PCV (nemoni), RV (rotaviris) ak BCG (pou tibèkilòz). Gen vaksen ki pwoteje bebe a kont plizyè maladi alafwa, tankou pentavalent. Chak peyi gen orè pa l pou bay vaksen sa yo, e pi souvan yo gratis. Yo konn kòmanse bay pifò vaksen le bebe a gen 2 mwa. Ankouraje manman an mennen bebe a nan sant sante ki pi pre a pou l ka vaksine pitit li.



SI MANMAN AN GEN VIH/SIDA


Medikaman ART yo pwoteje bebe a pou l pa pran VIH si manman l enfekte. Bebe a dwe kòmanse pran medikaman sa yo apre 3 jou apre l fin fet. Gade paj 494 pou plis enfòmasyon. Lè bebe a gen 6 semèn, li dwe pran yon medikaman ki rele “cotrimoxazole” pou anpeche l fè enfeksyon. Gade paj 478.

PRAN SWEN KÒD LONBRIK LA

Pou anpeche rasin kòd lonbrik la enfekte, li dwe toujou rete **pwòp e sèch**. Montre fanmi an kòman pou yo pran swen l.

- Toujou lave men w anvan w manyen kòd lonbrik la.
- Si kòd la sal oswa si l gen twòp kras san sèch sou li, pwòpte l avèk savon ak dlo ki te bouyi (ki fin frèt), oswa alkòl medikal, oswa alkòl fò yo konn bwè yo, oswa “violet de gentiane”). Se pou w manyen lonbrik la byen dousman.
- Pa mete okenn lòt bagay sou lonbrik la. Tè ak fimye sitou danjere.
- Si gen anpil mouch kote w rete a, ou mèt kouvri rasin lonbrik la ak yon twal pwòp ki sèch. Men, nòmalman ou dwe kite l san kouvri.

Jeneralman, kòd lonbrik la ap tonbe 5 a 7 jou apre akouchman an. Ka gen kèk gout san oswa glè ki soti lè lonbrik la tonbe. Sa nòmal. Men, si l ap bay anpil san oswa pi, chèche wè doktè.



Si w netwaye kòd lonbrik la, se pou w fè l dousman.

VEYE SIY ENFEKSYON

MOVE SIY

- Bebe a sanble li trè fèb oswa fatige, oubyen li sispann pran tete.
- Bebe a gen dyare.
- Kò bebe a pa ka rete cho, menm lè l double nan lèn.
- Bebe a gen yon fyèv pi wo pase 38°C (100.4°F).
- Batman kè bebe a fèb e rapid.
- Bebe a gen difikilte pou l pran souf epi li pran souf plis pase 60 fwa pa minit.
- Bebe a sanble l malad

Enfeksyon nan kòd lonbrik

Pi souvan, lè yon bebe gen enfeksyon se mikwòb ki antre nan kòd lonbrik la ki lakòz. Lè lonbrik la enfekte, zòn ki toutotou lonbrik la konn gen koulè wouj, li bay pi, li cho, oswa li gen move sant. Si move siy yo pa grav, kòmanse avèk pwòpte kòd la avèk “violet de gentiane” 2 fwa pa jou. Si l pa amelyore oubyen li vin pi mal nan 1 a 2 jou, bay medikaman ki nan kare paj 279 la oswa chèche èd nan men doktè.



Tetanòs

Si kòd lonbrik la te koupe avèk yon bagay ki pa t esterilize, oswa si yon moun te mete tè oubyen fimye sou rasin lonbrik la, ptit la ka pran tetanòs. Menm lè yo jwenn bonjan swen ak medikaman, pifò bebe ki fè tetanòs mouri.



Pou anpeche tetanòs, fanm ansent dwe pran vaksen (gade paj 102), epi kòd lonbrik la dwe rete pwòp.

Yon bebe ki gen tetanòs gen kò rèd, tèt li kase sou dèyè, epi li gen reflèks ki twò fò. Verifye reflèks bebe yo pou wè si l gen siy tetanòs:

Kite janm li pandye lib epi tape toupre anba zo jenou an avèk dwèt ou.



Si janm nan sote touputi, reyakson sa nòmal.



Si janm nan sote anpil, bebe a ka gen tetanòs.



Si l ap pran plis pase 2 èdtan pou rive lopital

- Ba li 100,000 inité piki "benzylpenicillin", sou deyò mis kuis bebe a, yon sèl fwa.



Nemoni (enfeksyon nan poumon)




Bebe a ka fè enfeksyon nan poumon tou (nemoni). Sa rive pi fasil si manman an te pase likid plis pase 24 èdtan anvan ptit la te fèt, oswa si manman an te gen fyèv pandan tranche a.

Men siy bebe a gen enfeksyon nan poumon: respirasyon rapid (plis pase 60 souf pa minit), li plenn lè l ap respire, oswa po kò l fè yon fon nan mitan zo kòt li lè l ap respire. Mennen bebe a kay doktè, sitou si bebe a te fèt twò piti oubyen li te fèt anvan lè. Pandan w sou wout la, ba l antibiyotik.

Menènjit (enfeksyon nan sèvo)

Raman, yon bebe fè enfeksyon nan sèvo (menènjit). Yon bebe ki fè enfeksyon nan sèvo gen kou rèd epi li kouche ak tèt li kase sou dèyè. Li ka vomi, fontanèl nan tèt li yo ka anfle, e li ka dekonpoze. Yon bebe ki gen enfeksyon nan sèvo ka mouri byen fasil. **Mennen l lopital imedyatman.**



Si w gen antibiyotik, ba li pandan w sou wout lopital la. Gade paj 279.



Antibiotik pou bebe ki gen enfeksyon

tankou nemoni, menènjit, enfeksyon nan san ("sepsis") ak lòt kalite enfeksyon

- Bay l piki "ampisillin", sou deyò mis kuis bebe a,
2 fwa pa jou pou yon bebe ki gen 6 jou (oubyen mwens) depi l fèt, oswa
3 fwa pa jou pou yon bebe ki gen 7 jou (oubyen plis) depi l fèt

Pou bebe ki peze 2 kilo oubyen mwens,	ba l yon piki 80 miligram (mg)
Pou bebe ki peze 3 kilo,	ba l yon piki 150 mg
Pou bebe ki peze 4 kilo oubyen plis,	ba l yon piki 200 mg

Epi

- Ba li piki "gentamicin", sou deyò mis kuis bebe a, 1 fwa pa jou
- | | |
|---------------------------------------|---------------------|
| Pou bebe ki peze 2 kilo oubyen mwens, | ba l yon piki 8 mg |
| Pou bebe ki peze 3 kilo, | ba l yon piki 12 mg |
| Pou bebe ki peze 4 kilo oubyen plis, | ba l yon piki 16 mg |

Mennen bebe a lopital. Si sa pa posib, ba l "ampicillin" ak "gentamicin" pandan omwen 5 jou.

VEYE KOULÈ PO AK KOULÈ JE BEBE A


Po ak je anpil bebe konn gen koulè jòn kèk jou apre yo fin fèt. Yo rele sa lajonis. Lajonis rive lè yon sibstans jòn ki rele biliribin ogmante nan kò bebe a. Nòmalman, kò bebe a elimine biliribin nan apre detwa jou, epi koulè jòn nan disparèt.

Raman, yon bebe ka fè lajonis ki grav, e sa danjere. Men siy lajonis grav:

- Koulè jòn nan kòmanse parèt depi sou premye jou bebe a fèt la.
- Koulè jòn nan dire plis pase 2 semèn.
- Koulè jòn nan parèt nan men ak pye bebe a.
- Bebe a toujou ap dòmi e li pa leve pou l tete.
- Kò bebe a pa ka rete cho.

Si bebe a bay nenpòt nan siy sa yo, chèche èd nan men yon doktè imedyatman.

Sinon, ede bebe a pran tete souvan, epi fè yon ti mete l nan solèy. Solèy la ap ede kò l elimine biliribin nan. Si lè a cho, retire rad bebe a, kouvri je l, epi mete l nan solèy la pandan 5 minit, youn oswa 2 fwa pa jou. (Si w kite l twò lontan, solèy la ap boule po l).



Mete bebe ki jòn nan solèy pandan detwa minit chak jou.